**Адабиётлар**

1. Қуронов Д. Адабий ўйлар. – Т.: Академнашр, 2016.
2. Омон Мухтор. Тўрт томон қибла. – Т.: “Шарқ”, 2000.
3. Каримов. Ҳ. Ўзбек романларининг тараққиёт тамойиллари. -Тошкент: Ўзбекистон Миллий кутубхонаси нашриёти, 2008. 124- б.
4. Норматов У. Ўзига хослик сирлари. “Насримиз анъаналари”. -Т.: Ғ.Ғулом номидаги Адабиёт ва санъат нашриёти, 1980.
5. Назаров. Ў. Омон Мухтор романларида бадиий хронотоп муаммоси: автореф. дис. ... ф.ф.ф.д. –Қарши: 2018, 47-б.
6. Ҳар кимнинг ўз замин, ўз осмони бор.../ Ўзбекистон адабиёти ва санъати. 1998, 6 март.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада аёл образи, унинг руҳиятидаги эврилишлар, миллий ўзликни йўқотиш жараёни Омон Мухторнинг “Минг бир қиёфа” романи мисолида ёритилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматривается образ современной женщины, эволюция её психики, процесе самоуничтожения на основе анализа романа Омана Мухтора “Минг бир киёфа”.

**SUMMARY**

The article deals with the study of the image of a modern women, evolution of her psychology, process of self destruction on the basis of the analysis of the novel “Ming bir kiyofa” by Oman Mukhtar.

# ОРТА ӘСИРЛЕРДЕГИ ҚАРАҚАЛПАҚ МӘМЛЕКЕТЛИГИН ҚӘЛИПЛЕСТИРИЎДЕ УЛЛЫ БИЙ, УЛЛЫ ӘМИР ЕДИГЕ БАТЫРДЫҢ ТУТҚАН ОРНЫ

**(Тарийхый-фольклорлық әдебиятлар тийкарында)**

**К.Алламбергенов –** *филология илимлериниң докторы, профессор*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар:** XIV асрнинг 40-йиллари, Жанубий Оролбўйи, сувсизлик, Кердер, Оқ ўрда, Едил-Жайиқ.

**Ключевые слова:** 40-е годы XIV века, побережье Южного Арала, безводье, Кердер, Белая Орда, Едил-Жайык, батыр Едиге.

**Key words:** the 40-th of the XIV-th century, the South Aral seaside, waterlessness, Kerder, White Horde, Edil-Jayik, hero Edige.

XIII-XIV әсирлерде, әсиресе XIV әсирдиң 40-жылларында Әмиўдиң суўы тартылып, теңизге түспей қалыўына байланыслы Қубла Арал бойларында жүз берген қурғақшылық ерте орта әсирлердеги Қарақалпақ мәмлекетлиги болған Кердер ийелигинде жасаўшы бир-топар түркий руў-қәўимлерди Едил бойларына көшип кетиўге мәжбүр қылды [4:15-16]. Көш басында усы ай-мақтың үлкен ҳәзирет пири Баба Түкли Шашлы Азиздиң баласы, Ақмаңғытлар бийи Балтышаҳ бек турады. Балтышаҳтың баласы Едиге бул ўақытларда еки-үш жаслар шамасындағы нәресте екен. Әкесиниң Аллаға аманатын тапсырар алдында айтқан ўәсияты бойынша Балтышаҳ көшти аман-есен мәнзилине жеткергеннен кейин, туппа-туўры Өзбек хан ҳүзирине кирип, өзиниң Садр Ата Баба Түклиниң баласы екенлигин айтып, өзи менен бирге көшип барған Ўатанласларына бир тутас ел болып жасайтуғын белгили баслы қолайлы бир мәкан сораўы ҳәм хан инам еткен бул аймақтың қақ ортасына «иргели ел болып кеткеймиз» деген ырым менен Едигеге мийрас етип қалдырылған дәўлет басы мүлк Ақ отаўды тигиўи керек еди. «Отаўың – Отаның, уллы салтанатыңыз екенлигин ҳеш қашан ядтан шығармаң!-деп ўәсият қалдырған екен сонда уллы шайық баласы Балтышаҳға. - Бәлким, уллы мәмлекетимиз Кердер қулағаннан кейинги биз бенен сизге әрман болып қалған уллы нийет - өз алдына отаў тигиў, мәмлекетлигимизди қайта тиклеў бахты ақлығым Едигеге несип етер. Қуда қәлесе, Едигежан ер жетсе, Едил игасы болып, ели-халқын өз алдына иргели ел етер... Ақлығымнан үмитим күшли!»

Бирақ, Балтышаҳ баслаған бул көшке бирден әўмет күлип бақпайды. Көш Дашт баўырына кирер-кирместен-ақ Өзбек ханның әлемнен өткенлиги ҳаққында желдей жүйткип тараған бир суўық хабар Баба Түкли әўладларының да қулақларын аяздай қарып өтеди.

Мине, усылайынша Өзбек ханға атасының аманат сөзин жеткере алмай әрманда қалған Балтышаҳ Едиге деген баласы менен узақ ўақыт (дерлик 35 жылға шамалас) Ақ Орда сорамында жасап қалыўға мәжбүр болады. Бул дәўирлерде Ақ Ордаға дәслеп Мубарак Хожа, оннан кейин аз ғана ўақыт, Өзбектиң үлкен баласы Тыныбек хан, ал соңғы он бес жыл даўамында Шымтайхан, Шымтайдан соң дерлик он жети жылға шамалас ўақыт Орыс хан ҳәм оның балалары ханлық етеди [2:288]. Балтышаҳ пенен Едиге бул ханлар тусында Өзбек хан ҳәм ол басқарған улысты 1320-жылы Узын Хасан Ата, Саййид Ата, Бадр Аталар менен бирликте ислам динине енгизген төрт уллы шайыхтың биреўи кәраматлы Садр Ата Баба Түкли Шашлы Азиздиң әўладлары сыпатында Орда халқы, әсиресе оның сол қанатындағы түркийлер тәрепинен қатты қоллап-қуўатланып, үлкен даңқ-абырайға ийе болады. Оның себеби, Өзбек хан ҳәм оның баласы Жәнибек ханлар тусында Көк Орда, Ақ Орда аймақларындағы моңғол-түрк халықларынын бәри ислам динин толық қабыл етип, олар арасында сол динди тарқатқан мусылман уламаларының мәртебеси асып, олар дерлик Шыңғысый шаҳзадалар дәрежесинде улығланатуғын абырай-мәртебелерге ийе бола баслайды. Орыс хан Баба Түкли әўладларының абырайы арқалы халықты изине ертиў мақсетинде ўақтынша болса да Балтышаҳ пенен оның баласы Едигени илажсыз қоллап-қуўатлаўға мәжбүр болады: Балтышаҳға Орданың сол қанатының әмири [5:69] лаўазымын берсе, Едигени өзлери менен бирге Кердер журттан келген қарақалпақлардың үлкен бир топарына бий етип, соңынан Алтын Орданың әмир ул умары – бас әмири дәрежесине таярлайды [1:213]. Онысыз да Едиге бул ўақытлары халық арасында «атса, оқлар өтпеген, шапса қылыш кеспеген» кәраматлы батырлық даңқы ҳәм «төрели бийде туўған жоқ» деген даналықты ядқа түсиретуғын әдил төре, кәтқуда бий екенлиги менен үлкен абырайға ийе бола баслайды. Аўа, Едиге усылайынша кәраматлы Ақ баслы сары қуў урпағы сыпатында кем-кем әпсанаўый қаҳарманға айланып бара береди. Бирақ, бәрибирде, Едигениң кеўли бир нәрседен қатты тынышсызланып жүреди. Ол да болса атасы ўәсиятлап кеткен өз алдына отаў тигиўдей уллы мақсетлерин әмелге асыра алмай атырған шынжырбәнт илажсызлық ҳалаты болады.

Едиге, мине, усындай ойлар қурсаўында илажсыз жүрген жыллардың биринде (1371-жылы) Шағатай улысы беттен әлемди дүрликтирерлик даңғаралы ўақыя болғанлығы ҳаққында дәбдебели хабар шығады. Хабарларға қарағанда, жети пуштында әмир, бек, ҳәкимликтен басқа ханлық намыў-нышаны болмаған әпиўайы түркий барлас әмири Тарағай баҳадырдың улы Темирбек Мәўараўннаҳрда моңғоллар ҳүкимиранлығын қулатып, ески түркий Туран журты киндиги Самарқандта бийғәрез өз мәмлекетлигин орнатыпты. Саҳыпқыранға Мәкке саййидларының улығы уллы ҳәзирет пир Саййид Барака пүткил халықтың көз оңында тажыў-тахт пенен бирге уллы салтанат тымсалы болмыш байрақ ҳәм

дабылды тапсырыпты [3:183].

Бул хабарды еситкен Едиге қатты тәсирленип кетеди. Сол сапары оған атасы айтқан ўәсиятлар тап ҳәзирдиң өзинде орынланып кететуғындай сезиледи. Усыннан баслап Едигениң Орыс хан ҳәм оның балалары ҳаққындағы абыржы пикир дүньясына үлкен ғулғыла түсип, қандай да бир кәраматлы күш оны бул шыңғысый шаҳзадалар шынжырынан биротала босатып жибериўге умтылып атырғандай болады... Ол Темирбектей улығ затты өзлерине инам еткени ушын Аллаҳқа мың-мың шүкираналар айтады.

Бирақ, бул ўақыя көптен берли Көк Орданы да Ақ Ордаға қосып алып, Алтын Орда тахтында уллы хан болып отырыў нийетинде ишқыста болып жүрген Сығнақ ҳүкимдары Орыс хан ушын көктен жасын түскендей болады. Бүликтиң бәри Орыс ханның усыннан кейинги узақты гөзлей алмаған кәўетерли ҳәрекетлеринен басланады. Орыс хан бир майданда Ақ Орда аймағын урды-жықты тос-топалаң етип, Алтын Ордаға нөкер тартып өте кетеди. Мине, сол сапары Алтын Орда исине Ақ Орда ханлығының мурын тығыўына қатты қарсы турғанлығы ушын да Маңғышлақ ҳәкими Қутлықхожа улы Тайхожа өлимге ҳүким етиледи [2:270]. Буннан соң Орыс хан балалары өзлери ушын «ең қәўипли душпанлар» болған Тохтамыс пенен Едигеге тийиседи.

Едиге менен Тохтамыс Орыс хан балларының ишинде бәринен бетер Тохта Қыяға жақпайды. Ол бул еки бөлтириктиң көзин жойыў ушын түрли ҳийлелерди ойлап көреди.

Тохтамыс та, Едиге де өзлерине түбинде усы Тохта Қыядан келетуғын қастыянлық қәўиптиң бар екенлигин иш-ишинен сезеди. Едигениң Тохта Қыя түўе, оның әкеси Орыс ханға да иши жылымайтуғын еди. Оның баслы себеби – Орыс хан тахтқа отырыўы менен Өзбек хан тәрепдарлары түркийлердиң бәрин қырып-жояды. Өзбек ханды тахтқа отырғызыў салтанатында ең белсендилик көрсеткен Қоңырат Сылжуўыт Алатайдың әўладларын изсиз жоқ қылып жибереди. Мамай Алтын Орданың оң қанатын алып Қырымға, Қыят Исатайдың ақлығы, Жыр Қутлы улы Теңиз Буға сол қанатты алып Сырдәрьяға кетиўге мәжбүр болады. Ақыр-аяғында Орыс хан усы Теңиз Буғаны өз қолы менен өлтиреди [6:149]. Ендиги гезек Өзбек ханды ислам динине енгизген төрт шайықтың бири Ақ маңғыт Садр ата Баба Түкли Шашлы Әзиз әўладларына келип тур еди.

Бирақ, Едиге әкеси Балтышаҳға бул ҳақыйқатлықты ҳеш түсиндире алмайды.

- Балам, сен мениң жолымды тутпа! - деп пинҳамы нәсият қылған еди Балтышаҳ сол сапары баласы Едигеге өзиниң қанхор кимсе Орыс хан менен бир мақсетте Алтын Ордаға атланысқа баратырғанына ақланғысы келгендей болып. - Ақ ийт, көк ийт – бәри бир ийт! Орыс хан менен Тайхожа әўладларының қайқайсысына хызмет қылсаң да, Шыңғыстың тоғыз қуйрықлы қара туўын қулатпаў ушын гүрескен боласаң. Түркийлер тухым қурт болып кеткендей жүз елли жылдан аслам ўақыттан берли өзимизден бас көтерер бир батыр бий шықпады. Қудаға мың кәтле шүкир, Кеш, Самарқанд бетлерде Әмир Темир деген бек, сәркарда шығып, түркий туўын орнатаман деп, Муғылстан ханлығына қарсы гүресип атырған деп еситемен.

Сен, балам, бир пайыты келгенде, Темир бекке уш! Сайийд Баракаға жолық. Сол улығ затқа өзиңниң Өзбек ханды исламға киргизген уллы машайық Садр Ата Баба Түклиниң әўлады екенлигиңди билдир. Орыс ханның кирдикәрларын әшкар айт. Тартынба! Енди бул Дашт бизге мәкан болмайды!

Бул ўақытларда өз мәмлекетиниң арқа ҳәм арқашығыс шегараларын беккемлеў ҳәм ески түркий Туран журтын орайласқан бир мәмлекет етип қайта бирлестириў ушын Муғылстан ханы Камараддин менен Хорезмдеги Суўпылар сулаласына қарсы гүрес алып барып атырған Әмир Темир Алтын Орда ҳәм оның бир бөлеги Ақ Орда аймақларында жүз берип атырған усы ўақыялардың бәринен де хабардар еди ҳәм өзи де Ақ Орда менен Көк Орда бирлесип, Алтын Орданың орайласқан күшли мәмлекетке айланып кетиўине мәпдар емес еди. Алтын Орданың күшейиўи-тек Мауараннаҳрдың келешеги ушын қәўип болып қоймастан, Әмир Темирдиң Орайласқан қүдиретли түркий мәмлекет дүзиў ҳаққындағы ойларының бәрин пушқа шығаратуғыны анық еди. Сол ушын да Әмир Темирге көп ўақытлардан берли Ақ Ордада болып атырған усы аласапыран ўақыялардан пухта пайдаланып қалыў ҳаққындағы ойлар ҳеш тынышлық бермеди.

Әмир Темир Моғылыстан ханы Камараддинге қарсы Шуў дәрьясының бойындағы Қошқар деген жерде гезектеги саўашлар алып барып атырган күнлердиң биринде көктен тилегени жерде қабыл болып, әскерий қараргаҳқа тезлик пенен бир шабарман жетип келип, Ақ Ордалы Тохтамыс деген қандай да бир шаҳзаданың Орыс ханнан қашып келип, уллы Саҳыпқыран ҳүзирине жәрдем сорап иркилгенлигин хабарлады. Әмир Темир Камараддинге қарсы гүрести ўақтынша кейинге қалдырыўды әмир етип, сол заматта-ақ әдеттегише Ургент арқалы Самарқандқа қарай жөнеп кетти [2:271].

Уллы Саҳыпқыран Әмир Темирдиң Тохтамысты тахтқа отырғызаман деп Ақ Орда ханы Орыс ханға қарсы алып барған 1376-1378-жыллардағы саўашлары, мине, усылайынша басланған еди. Сақыпқыран Орыс хан Ордасынан қашып келип, өзинен жәрдем сораған Тайхожа улы Тохтамысты ҳәр тәреплеме барынша қоллап-қуўатлады. Бул саўашларда Едиге де Әмир Темир тәрепинде турды. Ол 1377-жылы Тохтамыстың изи менен Орыс хан балаларынан қашып шығып, Уллы Саҳыпқыран ҳүзирине келгенде, Орыс ханның Мауараўннаҳрға әскер тартып келмекши нийети бар екенлигин хабарлайды.

Бирақ, Тохтамысқа Едигениң Уллы Саҳыпқыранға «жақынласқан» бул ҳәрекетлери унамайды. Ол өзиниң бул «жаңа қарсыласы» Әмир Темирден қуўатлаў алып, күшейип кетпеўи ушын оны аз да болса «қаққышлап» қойғанды мақул көреди. Сол ушын да Тохтамыс өзи Сығнақ тахтына хан болып атырғаннан кейин тек Темир Мәликти гелле қылып қойған жоқ, тез арада оның сол қанат әмири Балтышаҳты алдына шақырып, өзине садық хызмет қылыўды усынды. Ол сол заматта-ақ бул усыныстан бас тартып, өз ҳүкимдары Темир Мәликке садықлықта Аллаҳқа аманатын тапсырғанды мақул көрди. Тоқтамыс Балтышаҳтың тилегин бәржай етти. Едиге бул душпаншылыққа аўыр үнсизлик пенен жуўап берди. Сол сапары әкесиниң Алтын Ордаға атланар алдынан айтқан пинҳамы ўәсиятының ашшы ҳақыйқатлық екенлигине анық исенгендей болды.

Тоқтамыстың Әмир Темир жәрдеминде Орыс хан ҳәм оның әўладларын жеңип, Ақ Орда тахтын толық ийелеген жыл сәнеси тарийхқа 1378-жыл деп енгизилди.

Уллы Саҳыпқыран Әмир Темир Тоқтамысқа ислеген бул жақсылықларының бәрин келешекте Алтын Орда ханларынан келетуғын қәўип-қәтердиң алдын алыў, Мауараўннаҳр – Ақ Орда арасында тыныш-татыў турмыс орнатыў, онда Тоқтамыстай тилеклес, аўқамлас өз адамлары болыў, сол арқалы тек Ақ Ордада емес, ески түркий Туран журтының барлық аймақларында түркийлер бийлиги орнатылған Орайласқан уллы мәмлекет дүзиў нийетлери менен ислеген еди. Бирақ, Тохтамыс сырты жылтырақ, иши қалтырақ тонын терис кийген түлки, түлки де емес, қутырса, ийесине аўыз салатуғын ҳақыйқый буралқы ийт болып шықты. Бул қутырған ийт арадан көп өтпей-ақ өзине өле-өлгенше умытып болмайтуғын сан-санақсыз жақсылықлар

ислеген өз ийеси ҳәм ғамқоршысы Аллах сүйген ең әзиз бенде Уллы Саҳыпқыранға ойламаған жерде арқа тусынан келип аўыз салды. Тоқтамыстың ҳақыйқый бетпердеси усылайынша ол Алтын Орда тахтына хан болып отырған 1380-жылдан кейин көп узамай-ақ әлемге әшкара бола баслады.

Жеңислерден руўхланған Тохтамыс ҳеш тынып-тыншыўды билмеди. 1380-жылы Қалқа дәрья тусында Мамайды биротала қыйратып, пүткил Алтын Ордаға хан болып кеўли өскен ол енди Маўараўннаҳрды да өзине бойсындырып алмақшы болып 1383-1387-жылларда Әмир Темир сорамындағы түпкиликли аймақларға таланшылық атланысларын ислей баслады.

Әмир Темирдиң Иран, Азербайжан атланыслары менен бәнт болып атырғанлығынан пайдаланған ол, Хорезмди қолға киритkеннен соң, Маўараўннаҳрдың шегара аймақлары Саўранға тийисти. Отрарда қолы әдеўир бәлент келген Тохтамыс 1388-жылы Заравшан үлкесине кирип барыўға имканият тапты. Бирақ, Саўранды басып ала алмағаны сыяқлы Бухараға да басып кире алмады. Жол бойы Әмиўдәрья-Самарқанд аралығындағы бираз елатлы аймақларды талады. Қашқадәрьяға бастырып кирди. Зәнжир Сарайды талан-тараж қылды, өртеди.

Бирақ, Тохтамыстың Әмир Темирге қарсы алып барған бул саўашларына Дешти Қыпшақ пенен Едил-Жайық бойларындағы түркий халықлар оғада қарсылық билдиреди. Оның әскер сапында болыўдан үзил-кесил бас тартады. Оның биринши себеби, Әмир Темирди - өзлериниң ғамхоршысы, түркий туўысқаны, пүткил түркий дүньяны азат етиўши, деп түсингени болса, екинши себеби – Тохтамыстың саҳра түркийлериниң тарийхатынан ўаз кешип, шәрият жолын өзлериниң мәплерине бойсындырып атырған Едил бойындағы қалалы бай саўдагер, уламалардың қолында қуўыршақ хан болып қалғанлығы болады. Мине, усы себеплерге байланыслы Көк Ордалы түркий қәўимлер Тохтамыстың 1388-жылдағы Әмир Темирдиң Маўараўннаҳрдағы түпкиликли аймақларына қарсы алып барған саўашларына әскер бериўден бас тартты. Едиге бул мәселеде Тохтамысқа қатты қарсы турып алады. Едиге менен Тохтамыстың өлиспей бериспейтуғын душпанлықларының ең жоқарғы пәллесине жетиўи де, мине, усы ўақыяға байланыслы келип шығады. Тохтамыс өз әскер сапын Көк Орданың қала халқы менен орыс, шеркеслерден, Қырым, Кафа, Азақ турғынлары есабынан толтырады. Саҳра түркийлериниң өз әскер сапында хызмет етиўинен бас тартқанына қырсыққан Тохтамыс 1388-жылы Маўараўннаҳр атланысларынан қайтып киятырып арнаўлы түрде Йасса қаласына топылыс жасайды. Қаланы ҳәм ондағы муҳаддес сыйыныў орны Йассаўий маҳбарасын қыйратады, елди талан-тараж қылады. Буннан соң Көк Ордадағы, Едил бойындағы Едиге улысына тийисип, отлақсыз, қунарсыз ески мәканларды еспе қум Дашт төрине қарай қуўып салады...

Мине, усыннан кейин Дашт ҳәм Едил бойындағы түркий тайпалар Тохтамысты биротала тахттан тайдырыў керек, деген шешиўши қарарға келеди. Яссаўий маҳбарасының қыйратылыўына байланыслы биринши болып Бекполат баслаған Түркистанлы түркийлер оған қарсы қозғалаң ислейди. Едилде Алтын Орданың сол қанатындағы маңғыт беклери Тохтамысқа қарсы гүреске шығады. Бул гүреслердиң ҳәммесиниң басында Алтын Орда ханлығының сол қанат әмири, беглер беги – уллы бий Едиге Маңғыт турады. Бекполат, Хожам атдин, Бахши уғлан, Туржақ Берди, Даўыт усаған Жошы урпақлары да Едиге тәрепине өтип кетеди. Тохтамыстың әтирапында тек Таш Темир, Исабек сыяқлы бирли-жарым түркий беклери қалады. Мине, усы тос-топалаң басланған ўақытта-ақ Едиге жийени Қутлық Темир менен Күнше уғланды Әмир Темир ҳүзирине жиберип үлгереди. Едиге, мине, усыннан кейин көп узамай-ақ Уллы Саҳыпқыраннан Тохтамысқа қарсы гүресиўге жәрдем сорап Самарқандқа жетип келди. Саҳыпқыран бул ўақытлары Хорездеги Сулейман Суўпыға қарсы гүреслер алып барып атыр еди. Әмир Темирдиң 1388-жылғы соңғы бесинши атланысынан кейин Хорезм Маўараўннаҳрға биротала қосып алынды. Едиге, мине, усы 80-жылларда Әмир Темирдиң Хорезмли суўпылар сулаласына қарсы саўашларына қатнасып, жийени Қутлық Темир менен бирге мәрт баҳадыр сәркардалар сыпатында айрықша көзге түсти. Мине, усы сапарында Едиге өзи туўылған Кердер-Ақмаңғыттағы «Азлер баба» қойымшылығына барып, атасының басына зыяратлар қылып, бас қазық нышанлар қойдырды.

Әмир Темир 1391-жылы Тохтамысқа қарсы Алтын Ордаға болған дәслепки атланысын баслады. Усы жылы Қундызша деген жерде Тохтамыс ләшкерлери биротала тәслим қылынды. Едиге менен Қутлық Темир бул уллы атланыста тек жол баслаўшы-қылаўызлық хызметлер атқарып қойған жоқ. Саўаштың шешиўши мәўритлерине келгенде, Едигениң Тохтамыс қол астында қалдырып кеткен, өзине садық еки жүз мыңлық атлы әскерлери Саҳыпқыранды қоллап саўаш қурды. Тохтамыс хан қолында қалған Едигениң ағасы Исабек пенен досты Анхусин де өз ләшкерлерин Шағатай улысы әскерлери тәрепке өткерди. Саўаштың кескин түс алған әйне усы пайытында Тохтамыс ләшкерлериниң бас туўшысы, Едигениң еки жан достының бири туўдар Тиңхусин да Жошы улысының Шыңғыстан қалған қара туўын қулатып, өзи саўаш майданынан ушты-күйди жоқ болып кетти.

Солай етип, Әмир Темир, дәстанда келтирилгениндей, 1391-жылы Едигеге бул хызметлери ушын Едилдиң жарты жағын бөлип берип, оны Тохтамыстан бийғәрез жаңадан дүзилген Ноғай-Маңғыт журтына суверен хан етип тикледи. Мине, усыннан баслап 1391-жыл тарийхқа Едиге басшылығындағы орта әсир Қарақалпақ мәмлекетшилигиниң қайта тиклениў сәнеси болып кирди.

* * *

Едиге 1391-жылдан кейин де көп жеңислерге, атақ-абырайларға еристи. 1399-жылы Ворск-Порсықлы дәрьясының бойында Тохтамыстың гиж-гижлеўи менен Алтын Ордаға қарсы сан мың ләшкер тартып киятырған Литва князы Витовтты тас-талқан етип қыйратты. 1400-жылы Қутлық Темир қайтыс болғаннан кейин Алтын Орданың бийлиги биротала Едигениң қолына өтти. Ол дерлик жигирма жыл даўамында Орда ханларын өз қолы менен қойып отыратуғын ханлар ханы дәрежесиндеги уллы бийге айланды.

Едиге көп жыллар даўамында бас душпаны Тохтамыс пенен ирили-усақлы он бес мәртебе саўаш қурды. 1406-жылдағы Тюмень тусында болған ақырғы саўашта оның геллесин алып, жанын жәҳәннемге жиберди. Едиге 1408-жылы Москваны үш ай даўамында қамалда услап турды.

Едиге 1419-жылы сәл кем 80 жасында Сарайшық түбинде болған саўашлардың биринде қаҳарманларша қаза тапты. Мине, усылайынша Едиге өз ўатаны Қарақалпақ журтына, Кердерге, киндик қаны тамған Ақмаңғыт елатына қайтып келе алмады. Бирақ, оның изинде отыз улдан дөреген сан мың урпақлар, өзи ҳәм урпақлары дүзген қатар улыслар, ордалар, мәмлекетлер, ханлықлар қалды, ең баслысы – бүгинги ноғай ҳәм қарақалпақ халықларының орта әсирлердеги мәмлекетшилиги тымсалы болмыш Ноғай-Маңғыт журты қалды. Соң сол Ордадан ордалар, улыслар бөлинип шығып, Едигениң урпақлары кими Едил-Жайық бойларында, кими Қыпшақ далаларында, кими

Кавказ таўы етеклеринде, кими Қырымда, Хажы Тарханда, Казанда, кими Бухарда өз алдына мәмлекетшилик, ханлықлар дүзди. Араларында Орысият қурамына сиңисип кеткен Князь Юсуповлардай үрим-путақлары да болды... Бирақ, Едигениң Ормамбет бий қусаған әўладлары өзлериниң ата мәканлары Қубла Арал бойларына, Қарақалпақ журтына қайтып келиўди ҳеш умытпады. Ақыр-ақыбет, Ақ баслы сары қуў әўладлары баслаған бул уллы көш пенен Едигениң руўҳы өз Ана-Ўатанына қайтып келди. Қулласы-кәлем, уллы бабамыз Едиге түркий халықлар тарийхында, мине, усындай өшпес излер қалдырды.

Аўа, Едигениң ата-теги ҳәм миллетиниң ким екенлигин билдиретуғын муҳаддес қәдем жай Баба Түкли Шашлы Азиздиң атына қойылған «Азлер Баба» қойымшылығы менен Қарақалпақ маңғытларының үлкен бир шақабы «Ақмаңғыт» руўы, оның киндик қаны тамған Ўатаны қайсы журт екенлигин аңлататуғын «Ақмаңғыт» елаты тек Қарақалпақ журтынан басқа дүньяның ҳеш бир аймақларынан табылмайтуғын ана тарийхымыздың бийтәкирар алтын бетлери болып қалды...

Бирақ, Едиге арзыў еткен шын мәнисиндеги өз алдына отаў тигиў - бийғәрез Қарақалпақ мәмлекетшилиги арадан саррас 600 жыл өткен соң орнады. 1991-жылы Қарақалпақстан да Бийғәрез Өзбекстан қурамында Суверен мәмлекет болып, иргели үлкен елге айланды.

**Әдебиятлар**


1. Аҳмедов Б. Амир Темур. Тарихий роман. -Тошкент: «Халқ мероси», 1995.
2. Греков В.Д., Якубовский А.Ю. Олтин Ўрда ва унинг қулаши. –Тошкент: Уздав ЎПН, 1956.
3. Жошдарбек З. Йасауи жолы және қазақ қоғамы. – Алматы: «Ел – шежире», 2006.
4. Камалов С. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетлигиниң тарийхынан. -Нөкис: ӨзРИА «Хабаршысы», №3, 2001.
5. Трепавлов В.В. История Ногайской Орды. –Москва: «Восточная литература» РАН, 2001.
6. Өтемис қажы. Шыңғыснама. (Факсимиле, транскрипция, текстлик ескертиўлер, изертлеў мақалалар В.П.Юдиндики). – «Қазақстан тарихи турки тилдес деректемелерде» сериясы. Бес томлық. Биринши том. –Алматы: «Дайк-Пресс», 2005.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ халқининг улуғ ботири, беглар беги ва амир Едигенинг этно-генетик илдизи, асли қорақалпоқ Манғитларининг Оқманғит уруғидан эканлиги, туғилган, яшаган ери ватани – ҳозирги Қорақалпоғистон эканлиги ишончли далилланган. Шу билан бирга, Едигенинг туркий халқларнинг миллий давлатчилиги, мустақиллик учун кураш тарихидаги ўрни буюк эканлиги кўрсатилиб, "Едиге- ўрта асрлардаги Қорақалпоқ давлатчилигининг асосчисидир", деган ишончли хулосага келинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье, на основе достоверных фактов, описывается этно-генетическое происхождение каракалпакского батыра, управлявшего большим объединением родов - Едиге, и доказано, что он по происхождению из подрода Акмангит каракалпакского рода Мангитов, место его рождения и родина – территория нынешнего Каракалпакстана. Вместе с тем автор статьи показывает, что Едиге сыграл большую роль в истории борьбы тюркских народов за национальную государственность и независимость, и делает вывод о том, что Едиге- основатель каракалпакской государственности в средние века.

**SUMMARY**

In the article, on the basis of authentic facts, it is described the ethno-genetical origin of the Karakalpak batir, a vicar, leading a large family of clans – Edige, and it is also proved that he comes from a part of clan Akmangit of the Karakalpak clan Mangits, the place of his birth and life, his homeland is the territory of modern Karakalpakstan. The author of the article shows a great role of Edige in the history of struggle of the Turkic peoples for the national statehood and independence, and he comes to the conclusion that Edige is the founder of Karakalpak statehood in the middle ages.


## КАРАКАЛПАКСКИЙ ДАСТАН «ЕДИГЕ» С ТОЧКИ ЗРЕНИЯ ЗАРУБЕЖНЫХ УЧЁНЫХ: НЕКОТОРЫЕ ВОПРОСЫ ПРОБЛЕМЫ СБОРА, ПУБЛИКАЦИИ И ИЗУЧЕНИЯ


**Г.К.Алламбергенова** - *магистрант*

*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*



**Таянч сўзлар:** «Едиге», Ч.Валиханов ва «Едиге», В.Тоган, И.А.Беляев, В.М.Жирмунский, миллий вариантлар, генезис, архетип, тарих ва достон.

**Ключевые слова:** «Едиге», Ч.Валиханов и «Едиге», В.Тоган, И.А.Беляев, В.М.Жирмунский, национальные версии, генезис, архетип, история и дастан.

**Key words:** "Edige", Ch. Valikhanov and "Edige", V. Togan, I. A. Belyaev, V.M. Zhirmunskiy, national versions, genesis, archetype, history and dastan.


Если присмотреться к изучению эпоса «Едиге», то наше внимание притягивает тот факт, что каракалпакская версия и варианты были ранее записаны и изданы ещё в 40-50-х годах XIX века, и зачинателями этих работ выступили зарубежные учёные. Например, Ч.Валиханов, побывав среди каракалпаков побережья Сырдарьи, наряду с другими образцами национального фольклора записал вариант дастана «Едиге». В предисловии подготовленного к изданию варианта эпоса учёный приводит легенду о каракалпаках [Валиханов 1954:223].

В.М.Жирмунский, говоря о том, что данный текст имеет большое значение для дальнейшего изучения эпоса с филологической точки зрения, т.е. в языковом и художественно-эстетическом плане, а также о его некоторой близости к архетипу ученый полагает, что это ногайский вариант дастана «Едиге» [Жирмунский 1974:351-352]. В данном случае мы считаем наиболее достоверным мнение каракалпакского учёного Н.Давкараева.

Н.Давкараев не сомневается, что один из трёх вариантов «Едиге», записанных и опубликованных Ч.Валихановым, является каракалпакской версией эпоса, и при этом поясняя: «В 1905 году профессор В.М.Мелиоранский опубликовал каракалпакский вариант эпоса «Едиге». Это вариант, записанный Ч.Валихановым» [Давкараев 1977:26]. Учёный утверждает, что варианты каракалпакской версии «Едиге» в последующем были записаны профессором Берёзиным в 1862 году [Давкараев 1977:31].

Эти и другие факты доказывают, что у зарубежных учёных интерес к каракалпакской версии дастана «Едиге» зародился ещё в ранние времена. Вместе с тем данное обстоятельство служит подтверждением таланта каракалпакского народа, выступающего мастером художественного слова и музыкального искусства, что особо проявляется в своеобразном исполнении фольклорных образцов эпоса. Поэтому Ч.Валиханов, глубоко анализируя вышеуказанные фольклорные материалы, собранные среди каракалпаков побережья Сырдарьи, даёт такую оценку: «Каракалпаки – первые поэты и певцы степей» [Валиханов 1954:243].

Ещё один из вариантов дастана, исполнявшийся Бекимбетом жырау (сказитель), в 1903 году был записан И.А.Беляевым в ауле Шериуши Чимбая и опубликован в 1917 году в Ашхабаде. Как указывает О.Юсупов, изу-